



SUFLAVE Rejim Dòz la

SUFLAVE se yon rejim dòz divize (2 jou). Yon total 2 boutèy nesèsè pou yon preparasyon konplè pou kolonoskopi. Ou pral pran 2 boutèy likid nan de (2) dòz separe. Yon dòz SUFLAVE egal ak yon boutèy plis yon pakè pou amelyore gou.

Yo pa montre boutèy ak pakè yo nan gwosè nòmal yo.

Jou 1, Dòz 1: Bonè nan Aswè Anvan Kolonoskopi w la

Kòmanse Dòz 1 an a 6 PM.

- ETAP 1** Ouvri 1 pakè pou amelyore gou epi vide l an nan 1 boutèy.
- ETAP 2** Plen boutèy yo bay la avèk dlo tyèd jiska liy ranplisaj la. Apre w fin bouche boutèy la, souke boutèy la dousman jiskaske tout poud lan byen melanje (fonn). Pou pi bon gou, mete solisyon an nan frijidè pandan inèdtan anvan w bwè l. Pa kite l fè glas. Itilize l anvan 24 èdtan.
- ETAP 3** Bwè 8 ons nan solisyon an chak 15 minit jiskaske boutèy la vid.
- ETAP 4** Bwè yon lòt 16 ons dlo anplis nan aswè.

ENPÒTAN: Si kèplen, gonfleman, oswa kramp nan vant lan rive, pran yon poz oswa ralanti vitès w ap bwè solisyon an ak dlo anplis la jiskaske sentòm yo diminye.



Yo pa montre boutèy ak pakè yo nan gwosè nòmal yo.


Out 2023

Jou 2, Dòz 2: Nan Maten Kolonoskopi a (4 èdtan anvan lè pou ou rive pou pwosedi a)

Kòmanse Dòz 2 a ____AM.

- ETAP 1** Refè Etap 1 jiska Etap 3 nan Jou 1, Dòz 1.
- ETAP 2** Bwè yon lòt 16 ons dlo anplis nan maten.

ENPÒTAN: Kontinye bwè likid klè sèlman jiska lè kolonoskopi a. Sispann bwè likid omwen 2 èdtan anvan lè pou ou rive pou kolonoskopi a.



Yo pa montre boutèy ak pakè yo nan gwosè nòmal yo.

Sispann bwè likid omwen 2 èdtan anvan lè pou ou rive a.

Gade enstriksyon AdventHealth pou Preparasyon pou Kolonoskopi a pou plis detay.

